

Mezire sa a pou mwen

YM | YOUNG MATHEMATICIANS

Jwè 2+



Laj 3-8



10 min

OBJEKTIF

Objektif jwèt sa a se pou estime epi mezire wotè avèk bagay ou itilize nan kay la chak jou.

MATERYÈL

Plizyè objè menm gwosè: makè, istansil, kat pou jwe



Tep mezi oswa règ



MATERYÈL

Longè

Lajè

Long/kout/wo

Estimasyon

Mezire

KESYON

Ki jan ou fè konnen ki wotè ou ye?

Ki lòt materyèl oswa objè nou ta ka itilize pou mezire?

Ki jan ou te pwòch estimasyon w lan? Menm jan an, pi wo oswa pi kout?


Ki jan ou ka amelyore estimasyon ou pwochen fwa?

Ki lòt lè nou ta ka fè estimasyon?

KÒMAN POU JWE

Jwèt sa a ede timoun yo aprann estime. Lè w ap estime, w ap eseye konnen konbyen pandan w ap gade epi w ap reflechi. Se tankou w ap devine paske ou pa ap konte youn pa youn oswa w ap itilize yon zouti mezi.

1. Pou kòmanse, rasanble kèk materyèl oswa objè (ki tout menm gwosè) pou itilize pou estime ak mezire.
2. **Fè yon estimasyon.** “Chwazi yon materyèl ou pral itilize pou mezire. Konbyen ou panse ou pral bezwen pou ou rive osi wo ke ou?”
3. **Konpare.** Yon fwa timoun yo fin fè estimasyon yo, oubyen yon revelasyon rezonab, sou konbyen objè ki nesèsè pou yo rive wotè yo ye a, konpare objè yo ak wotè reyèl yo. Fè timoun yo kouche bò kote objè yo te itilize pou estime a epi di: “Ann konpare objè sa yo ak wotè pa w la. Ki jan estimasyon w lan te ye? Èske ou menm wotè, pi wo oubyen pi kout pase estimasyon w lan?”



Si estimasyon yo a pa menm ak wotè yo, eseye ankò! Ou ka mande l, “Konbyen plis (oswa mwens) ou panse ou bezwen pou gen menm wotè ak wotè pa w?”

4. **Ekstansyon.** Ou kapab jwe jwèt sa a tou avèk fil oswa tep. Timoun yo ka estime konbyen longè yon fil oswa konbyen tep yo ka bezwen pou menm jan ak wotè yo. Koupe fil la oswa tep la epi fè timoun nan kouche bò kote materyèl li estime a pou konpare.
5. **Pale Sou Matematik:** Angaje timoun nan nan yon diskisyon sou matematik nan jwèt la. Pa egzanp:
 - “Ki jan nou mezire bagay yo?”
 - “Konbyen objè ou te itilize?”
 - “Kòman ou ka amelyore estimasyon ou pwochen fwa?”

KONSÈY POU JWE

- Pou entwodwi mo *estimasyon* an , ou ta ka di: “Lè w ap estime, w ap eseye konnen konbyen pandan w ap gade epi w ap reflechi. Se tankou w ap devine paske ou pa konte youn pa youn oswa ou pa itilize yon zouti mezi.”
- Kòmanse avèk egzanp ki pi piti. Anvan ou mande timoun yo pou estime epi mezire pwòp wotè yo, fè yo pratike avèk objè ki pi piti. Pa egzanp:
 - Pou timoun ki pi piti yo, fè yo eseye jwenn yon bagay ki pi long oswa ki pi kout pase yon liv, yon soulve oswa yon kiyè. “Èske ou ka jwenn yon bagay ki pi long pase liv sa a? Èske ou ka jwenn yon bagay ki pi kout?”
- Ou kapab tou pwolonje jwèt la lè w sèvi ak yon tep mezi. Timoun yo renmen sèvi ak tep mezi e zouti sa a pèmèt nou jwenn yon mezi pi presi. Ou ka prezante lide a lè w di: “Pafwa, nou itilize zouti espesyal pou mezire, tankou yon règ oswa yon tep mezi, ki gen nimewo ak liy pou di nou ki longè oswa gwozè yon bagay ye. Ann itilize zouti pou mezire egzakteman ki wotè ou ye.”
- Envite timoun yo pou yo jwenn objè toupatou nan kay la ki menm longè, ki pi kout, oswa ki pi long pase pwòp wotè yo. Pa egzanp: “Èske tab la pi wo oswa pi kout pase ou?” oswa “Èske ou ka jwenn yon objè ki apeprè menm wotè avè w?”
- Yon fwa ou jwe plizyè fwa, ou ka jwe ke moun ki gen estimasyon ki pi pwòch mezi reyèl la genyen!

KISA TIMOUN YO AP APRANN

- Jwèt sa a pèmèt timoun yo pratike estime oswa devine rezonab. Pale sou lòt moman kote ou fè estimasyon tankou estime ki distans yo ka sote oswa estime engredyan yo lè w ap kwit manje.
- Nan jwèt sa a, timoun yo ka pratike konpare gwozè diferan objè—ki objè ki pi gwo, ki pi piti, ki pi long, ak ki pi kout. Pale

sou konsèp sa yo ede timoun yo devlope rezònman espasyal ak konpreyansyon sou fason objè yo gen rapò youn ak lòt nan espas.


- Si ou chwazi sèvi ak yon zouti mezi estanda tankou yon règ oswa yon tep mezi, asire w ou kòmanse mezi w la nan 0 a, orijin nan, pa nan 1. Sa a se yon erè komen epi li enpòtan pou ede yo konnen ki kote pou yo kòmanse mezire.

SIJÈ MATEMATIK

Nimewo: Konte ak Kadinalite

Mezi

VIDEYO



Gade Videyo Jwèt

Gade kòd QR ki nan aplikasyon kamera telefòn entèlijan w la oubyen nan lektè kòd QR la pou w gade videyo ki montre koman pou jwe *Mezire sa a pou mwen*.